# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 मई 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु नगर निगम लखनऊ क चारि सौ तेरह करोड़ रूपिया के लागति क कई गो परियोजनन कै लोकारपण आ सिलान्यास कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मार्गदरसन में हमनी क नगर ईज ऑफ लिविंग के दृस्टि से स्वच्छ, सुन्दर आ सुरक्षित सहरन के रूप में आपन पहिचान बना रहल हवे। श्री योगी स्वच्छता रैकिंग में नगर निगम लखनऊ के नम्बर एक पर ले अइले क संकल्प दोहरवलें।

***आज स्वच्छता रैकिंग में लखनऊ नगर निगम को देश के अन्दर तीसरा स्थान प्राप्त होता है, यह अपने आप पर एक बड़ी उपलब्धि है। इसे नम्बर एक पर ले के आना है। हम लोगों ने सत्रह लाख से अधिक गरीबों को आवास उपलब्ध कराये हैं, नगरीय क्षेत्र में, ग्रामीण क्षेत्रों में भी कुलमिला कर के पैंसठ लाख गरीबों को एक–एक आवास। जनता का पैसा, जनता के लिये और जनता के हित में खर्च होगा। यही मोदी जी का विजन है, यही मोदी जी की प्रेरणा है।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुअवाई वाली सरकार क आजु केन्द्र में बारह सालि पूरा हो गइल। येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह एगो सोसल मीडिया पोस्ट में एके भारत क सभ्यता आ विकास यात्रा क बदलाव लावे वाला दौर बतवलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथो सोसल मीडिया पर अपने बधाई सनेसा में कहलें कि येह बारह सालि में गरीब कल्याण सासन क प्राथमिकता बनल, अन्त्योदय आत्मनिरभरता के सक्ति में बदलल आ जनभागीदारी, विकास के जन–आन्दोलन क रूप दिहले हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में चिकित्सा आ स्वास्थ्य अउरी चिकित्सा शिक्षा विभाग के कार्यन क समीक्षा कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि सरकारी अस्पतालन में इलाज, जांचि, दवाई आ आपात सेवा क गुणवत्ता लगतारे बढ़ियां होखे के चाही। मुख्यमंत्री मातृ मृत्यु दर आ शिशु मृत्यु दर में अउरियो कमी ले आवे बदे संस्थागत आ सुरक्षित प्रसव व्यवस्था के मजबूत बनवले पर जोर दिहलें।

एहसे पहिले मुख्यमंत्री काल्हि लखनऊवे में कारागार विभाग आ कृषि विभाग के कामकाजो क समीक्षा कइलें। एगो रिपोर्ट–

***कारागार विभाग के कार्यों की समीक्षा करते हुए मुख्यमंत्री ने प्रदेश की जेलों को सुधारए पुनर्वास और कौशल विकास के प्रभावी केंद्र के रूप में विकसित करने का निर्देश दिया। मुख्यमंत्री ने कहा कि आधुनिक तकनीक और सुधारात्मक गतिविधियों के माध्यम से कारागारों को नई पहचान दी जाए। उन्होंने ओपन जेल की परिकल्पना को उपयोगी बताते हुए विशेष कार्ययोजना तैयार करने के निर्देश दिए। कृषि विभाग के कार्यों की समीक्षा करते हुए मुख्यमंत्री ने निर्देश दिया कि खरीफ.दो हजार छब्बीस की सभी तैयारियां समय से पूरी कर ली जाएं और किसानों को गुणवत्तापूर्ण बीज उर्वरक और तकनीकी सहायता समय पर उपलब्ध कराई जाए। श्री योगी ने जून माह से सभी विकास खंडों में प्रस्तावित साप्ताहिक चौपालों के साथ किसान मेले के भी आयोजन के निर्देश दिए ताकि किसानों को योजनाओंए आधुनिक तकनीकों और प्रगतिशील खेती की जानकारी एक ही स्थान पर उपलब्ध हो सके। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

प्रदेस में अलगि–अलगि एक्सप्रेस–वे पर भइल दुइ गो बड़हन सड़कि दुरघटना में करीब दस यात्रियन क मउति हो गइल, ओहीं कई गो अउरियो यात्री घाही हवें। आगरा–लखनऊ एक्सप्रेस–वे पर दिल्ली से गोरखपुर जा रहलि बस आजु उन्नाव के औरस पुलिस स्टेसन के लग्गे बेकाबू हो के पलटि गइलि। येह दुरघटना में छौ जने क मउति हो गइल आ करीब दस जने घाही हवें। ओहीं, पूर्वांचल एक्सप्रेस–वे पर आजु तड़के बाराबंकी के लग्गे एगो कार, खड़ा गाड़ी से लड़ि गइल। येह दुरघटना में कार में बइठल चारि जने क मउति हो गइल।

**********

अजोध्या के श्रीराम मंदिर के राम दरबार क प्राण प्रतिस्ठा क पहिला सालगिरह आजु सरधा आ उछाह के साथे मनावल जा रहल हौ। एगो रिपोर्ट–

***सुबह चार बजे मंगला आरती और वैदिक मंत्रोच्चार के बीच भगवान श्रीराम, माता सीता और राम परिवार का अभिषेक किया गया। पूरे दिन विशेष पूजा–अर्चना, भजन–कीर्तन और सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित किए जा रहे हैं। दोपहर में भगवान को छप्पन भोग अर्पित किया गया। राम मंदिर परिसर में बड़ी संख्या में श्रद्धालु, संत और महंत मौजूद हैं और पूरा वातावरण भक्तिमय बना हुआ है।तन्मय सोनी आकाशवाणी समाचार अयोध्या।***

**********

गोरखपुर के सथहीं प्रदेस के कई गो अउरियो जिलन में बीतल राति आन्हीं–तूफान के साथे भइल बरखा के बाद आजु दिन में तेज घाम निकरल। राज्य में अजुओ पूरा दिन लोगिन के गरमी आ लुह क सामना करे के परल। मौसम विभाग प्रदेस में आजु आ बिहनहूं कहीं–कहीं बरखा आ गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग बिहने तक खातिर दिन में भीसण लुहो क रेड अलर्ट जारी कइले बा।

**********